



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWO PWOGRÈ NAN INISYATIV AMELYORASYON ESTASYON TREN MTA**

***Yap bay kontra mwa sa a pou travay sou premye twa estasyon yo: Estasyon Prospect Avenue Brooklyn, 53<sup>yèm</sup> Street ak Bay Ridge Avenue sou Liy R la***

***MTA ap pibliye Demann pou Pwopozisyon Semèn sa a pou kat estasyon ke yo pral re-amenaje nan Queens nan Broadway, 30<sup>yèm</sup> Avenue, 36<sup>yèm</sup> Avenue, ak 39<sup>yèm</sup> Avenue sou Liy Astoria***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse de gwo inisyativ enpòtan pou kreye nouvo estasyon tren amelyore toupatou nan zòn metropoliten New York nan kad plan I pou re-imagine MTA pou 21<sup>yèm</sup> syèk la. MTA pral atribye yon kontra mwa sa a pou premye twa estasyon yo, yo tout lokalize sou Liy R la nan Brooklyn, e Authority a pral pibliye yon Demann pou Pwopozisyon semèn sa a pou dezyèm gwoup estasyon yo.

“Nouvo estasyon modèn nan sistèm lan se yon pati esansyèl nan efò nou pou rebati ak re-imagine MTA pou 21<sup>yèm</sup> Syèk la,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa yo demontre pwogrè remakab nan pwosesis rekonsepsyon ak renovasyon ki pral re-òganize estasyon sa yo pou jenerasyon aktyèl ansanm avèk pwochen Nouyòkè yo.”

**Atribye Kontra pou Amelyorasyon Twa Premye Estasyon yo:** Mwa sa a MTA pral bay yon kontra pou premye twa estasyon yo nan inisyativ la: Estasyon Prospect Avenue, 53<sup>yèm</sup> Street ak Bay Ridge Avenue, ki sou Liy R la nan Brooklyn. Amelyorasyon Estasyon an gen ladan:

- Amelyore ekleraj atravè estasyon yo;
- Amelyore pankat siyal yo pou rann li pi fasil pou kliyan navige nan estasyon yo, ki enkli enfòmasyon mizajou dijital, an tan reyèl sou pèfòmans nan antre metro yo, anvan menm kliyan rantre nan estasyon an;
- Enklizyon ekipman yo, tankou revèy kontarebou, amelyore sèvis siyal pou selilè, Wi-Fi ak nouvo atizay; ansanm avèk kamera sekirite;
- Renovasyon yo pral konsidere eritaj achitektiral chak estasyon yo tou, epi yap rete sansib konsènan eleman istorik yo lè estasyon yo ap sibi restriktirasyon an.

Sondaj sou konsepsyon ak pre-konstriksyon sou kondisyon ki egziste deja pral fèt pou sipòte modènizasyon nan twa estasyon yo. Sa yo se premye nan estasyon yo ki pral renove nan itilize yon metòd inik kontraktè konsepsyon konstriksyon pou diminye sou

tan epi ekonomize lajan. Konsèy Administrasyon MTA a te apwouve kontra \$72.1 milyon nan reyinyon mwa Novanm Authority a, atribye travay la bay Citnalta-Forte Joint Venture.

Nan kòmansman pwojè yo, ti aktivite konstriksyon pral fèt pandan estasyon yo ap rete operasyonèl. Men, nan fason pou kontwole byen vit renovasyon yo, estasyon yo pral fèmen tanporèman, pèmèt kontraktè a antre, fè travay la, epi fini nan yon tan ki pi kout ke posib. Yo ankouraje kontraktè yo pou kenbe fèmti yo osi kout ke posib. Tout gwo konstriksyon yo pral fèt pandan lè fèmti yo, avèk fèmti ki vize apeprè 6 mwa nan estasyon Bay Ridge Avenue ak 53<sup>yèm</sup> Street, ansanm avèk estasyon nan Prospect Avenue.

Travay nan toulè twa estasyon yo prevwa pou fini nan lespas 12 mwa apati dat atribisyon an.

Kontra a gen ladan tou reparasyon asye ak beton, nouvo rebò platfòm, enpèmeyabilizasyon, renovasyon sistèm elektrik ak kominikasyon, kontwòl miray ak reparasyon miray platfòm, finisyon nouvo eskalye, ak baryè anvè nan etaj anba estasyon yo.

### **Demann pou Pwopozisyon pou Dezyèm Gwoup Estasyon yo pou antreprann renovasyon**

Semèn sa a MTA pral pibliye yon Demann pou Pwopozisyon pou dezyèm pake estasyon yo, ki lokliaze sou liy Astoria (W, N) nan Queens, sa ki gen ladan Broadway, estasyon 30<sup>yèm</sup> Avenue, 36<sup>tyèm</sup> Avenue, ak 39<sup>yèm</sup> Avenue. Nan kad pwosesis la, MTA pral evalye pwopozisyon yo ki konsidere fèmti konplè ak pasyèl estasyon yo nan fason pou asire ke renovasyon yo fini osi rapidman ke posib.

Pami pi gwo kritè pou atribye Demann pou Pwopozisyon an se pral kijan byen vit kontraktè a ka fini tout pwosesis renovasyon an, ansanm avèk kapasite yo pou rakousi kantite tan ke chak estasyon fèmen. Anplis, yap ofri rekonpans pou ankouraje finansman bonè.

**Thomas Prendergast, Prezidan ak PDG MTA, te deklare,** “Pibliye yon Demann Pwopozisyon pou kat estasyon sa yo montre dirèkteman manda Gouvènè a pou nou kontinye devlope elan pou pwogram lan. Nou detèmine pou retounen nouvo estasyon anbeli yo kap amelyore eksperyans kliyan – e sa se yon lòt etap nan pwosesis enteresan sa a.”

### **Anons Inisyal Plan Konsepsyon Estasyon an**

Gouvènè Cuomo [te devwale](#) plan konsepsyon anbisyè l pou estasyon yo pandan yon aktivite nan mwa Jiyè nan Transit Museum nan Brooklyn, e MTA te pibliye yon Demann pou Pwopozisyon pou twa estasyon yo nan pwogram lan: Estasyon Prospect Avenue, 53<sup>yèm</sup> Street, ak Estasyon Bay Ridge Avenue. Nan achèyman pwojè a, amelyorasyon

estasyon yo pral distribye nan senk awondisman yo. Kontrandi amelyorasyon estasyon an disponib [la](#).

### **Kontra konsepsyon - konstriksyon yo**

Sou demann Gouvènè a, MTA ap itilize kontra konsepsyon-konstriksyon yo pou tout estasyon yo. Kontra konsepsyon konstriksyon nan men konpayi konstriksyon prive avèk espesyalite pou asire konstriksyon reyisi ki konplete nan yon peryòd tan kout ke posib. Kontraktè a asire risk pou depasman depans epi kenbe orè ki prevwa a. Ekip inik la responsab pou alafwa konsepsyon ak konstriksyon de tout pwojè nan fason pou asire yon kowòdinasyon transparan.

### **Konsiltan Konsepsyon yo**

Lè nou devlope estanda yo pou re-imagine estasyon yo ke MTA te travay avèk konsiltan ki gen renome mondyal nan konsepsyon ki posede yon vas eksperyans nan kreye etablisman transpòtasyon. Konseptè en chef yo, Grimshaw Architectes, ak Arup, manadjè pwogram yo – tou de gen biwo nan London ak nan New York – yo anchaj inisyativ estasyon yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418